



Ogmantasyon Mwazi

Mwazi se yon chanpiyon ki grandi nan espas ki fènwa epi ki gen tanperati cho, anpil imidite, kote lè pa antre fasil. Chanjman klimatik la ka ogmante mwazi yo paske yo ogmante imidite nan anviwònman nou an akòz gwo lapli, inondasyon, ak chalè, plis tanperati imid nan ete a.

Yon ogmantasyon mwazi ka bay pwoblèm sante. Li kapab lakòz iritasyon je, nen, gòj, po, ak pwoblèm respiratwa. Li kapab tou deklannche opresyon ak sentòm alèji ak reyakson, epi lakòz maladi respiratwa.

Ki moun ki plis an danje?

- Moun ki gen plis pase 65 lane
- Timoun ki poko gen 5 lane
- Moun ki ansent
- Moun ki gen sistèm iminitè yo ki fèb
- Moun ki gen opresyon, alèji, ak lòt pwoblèm respiratwa tankou COPD



Kisa nou kapab fè nan ka sa?

- Ranje tiyo ki koule yo ak lòt sous imidite yo pi vit sa posib
- Netwaye epi seche kote ki imid yo nan espas 48 èdtan
- Kenbe imidite andedan kay la ant 30-50%
- Kite espas pou lè antre nan mitan mèb, plafon, mi, ak planch yo
- Veye pou resipyen ki kenbe dlo chofaj, vantilasyon, ak klimatizasyon yo pwòp epi fonksyone byen
- Evalye epi retire mwazi lè w sèvi avèk sa yo [Règleman MA](#) ak [Enstriksyon EPA Ameriken yo](#)
- Si ou lwe kay ou, itilize règleman Massachusetts [sa yo](#) pou aprann plis sou mwazi, dwa w ak responsablite w
- Si ou se pwopriyetè yon kay pou lwe, itilize [gid Massachusetts sa yo](#) pou aprann sou mwazi, dwa w, ak responsablite w.
- Si ou posede kay ou, sèvi ak [gid sa a ki bay etap aprè etap](#) kòman pou netwaye mwazi

W ap jwenn plis enfòmasyon sou:
mass.gov/ClimateAndHealth



Bureau of Climate and Environmental Health
Environmental Toxicology Program
Massachusetts Department of Public Health